**दिन–बुधवार** **दिनांक–07.01.2026**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

प्रदेश मे आगामी पंचायती राज संस्थाक चुनाव पुरान परिसीमनक आधार पर होयत। पंचायती राज मंत्री दीपक प्रकाश जनौलनि जे वार्ड, पंचायत आ आनो चुनाव क्षेत्र मे कोनो बदलाव नहि होयत। आइ पटना मे संवाददाता लोकनि सँ गपशप मे श्री प्रकाश जनौलनि जे मात्र उएह क्षेत्र मे आंशिक बदलाव भऽ सकैत अछि, जे पंचायत सँ नगर निकाय मे सम्मिलित भेल अछि। ओ कहलनि जे एहि चुनाव मे मात्र आरक्षणक रोस्टर बदलत।

---

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार कहलनि अछि जे सात निश्चय–तीनक अंतर्गत **सबका सम्मान जीवन आसानक** अंतर्गत आब सरकारी कार्यालय सभ मे अधिकारी आम लोकक समस्या सुनताह। सोशल मीडिया पोस्ट मे श्री कुमार कहलनि जे ग्राम पंचायत, थाना, अंचल, प्रखंड, अनुमंडल, जिला, प्रमंडल आ राज्यक सभ सरकारी कार्यालय मे सप्ताह मे दू दिन सोम आ शुक्र के संबंधित पदाधिकारी अपन कार्यालय कक्ष मे आम लोकक समस्या सुनि कऽ ओकर निष्पादन करताह। श्री कुमार कहलनि जे ई व्यवस्था उन्नैस जनवरी सँ प्रभावी होयत। एहि संबंध मे लोक सभ सँ दस जनवरी धरि सुझाव मांगल गेल अछि।

---

न्यायमूर्ति संगम कुमार साहू आइ पटना उच्च न्यायालयक सैंतालिसम मुख्य न्यायाधीश भेलाह। राज्यपाल आरिफ मोहम्मद खां आइ पटना स्थित लोकभवन मे हुनका पद आ गोपनीयताक शपथ दियौलनि। शपथ ग्रहण समारोह मे मुख्यमंत्री नीतीश कुमार, उपमुख्यमंत्री विजय कुमार सिन्हा, विधानसभा अध्यक्ष प्रेम कुमार समेत राज्यमंत्रिमंडलक आनो सदस्य आ पटना उच्च न्यायालयक न्यायाधीश लोकनि उपस्थित छलाह। एम्हर, अधिवक्ता कोटा सँ पटना उच्च न्यायालय मे नवनियुक्त दू न्यायाधीश रितेश कुमार आ प्रवीण कुमार के काल्हि उच्च न्यायालयक शताब्दी भवन मे मुख्य न्यायाधीश पद आ गोपनीयताक शपथ दियौताह।

---

भारतीय जनता पार्टीक प्रदेश अध्यक्ष संजय सरावगी कहलनि अछि जे विकसित भारत जी राम जी योजना प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदीक विकसित भारतक संकल्प के साकार करय मे महत्वपूर्ण भूमिका निभाओत। श्री सरावगी आइ पटना मे एहि योजना पर एनडीएक घटक दलक संयुक्त संवाददाता सम्मेलन के संबोधित कऽ रहल छलाह। ओ कहलनि जे ई योजना मनरेगाक कमी के दूर करत आ विकसित बिहारक संकल्प के पूरा करत।

———————————————————

मैथिली भाषा के संविधानक अष्टम अनुसूची मे सम्मिलित करबाक अधिसूचनाक वार्षिकोत्सव पर आइ पटना मे मैथिली दिवस समारोहपूर्वक मनाओल गेल। मैथिली साहित्य संस्थान द्वारा विद्यापति भवन मे आयोजित कार्यक्रमक अध्यक्षता साहित्यकार डॉक्टर इंद्रकांत झा कयलनि। एहि अवसर पर संस्थानक कोषाध्यक्ष डॉक्टर शिवकुमार मिश्र कहलनि जे मैथिली दिवसक आयोजन प्रतिवर्ष केन्द्र सरकारक प्रति कृतज्ञता स्वरूप कयल जाइत अछि। एहि अवसर पर मैथिलीक कतेको विद्वान आ भाषानुरागी अपन विचार व्यक्त कयलनि।

———————————————————

संपूर्ण प्रदेश कड़गर ठंढाक चपेट मे अछि। दिन मे रौद निकललाक बादो सर्द पछवा हवाक प्रभाव सँ कनकनी मे कमी नहि भेल अछि। मौसम विभाग सँ प्राप्त जनतबक अनुसार आइ लगातार दोसर दिन भागलपुरक सबौर प्रदेशक सभ सँ ठंढा स्थान रहल, जतऽ न्यूनतम तापमान चारि दशमलव चारि डिग्री सेल्सियस दर्ज कयल गेल। मौसम पूर्वानुमान मे कहल गेल अछि जे अगिला चौबीस घंटा मे अधिकतम तापमान मे दू सँ तीन डिग्री सेल्सियस कमी भऽ सकैत अछि। ओतहि, अगिला चारि दिन मे न्यूनतम तापमान मे सेहो दू–तीन डिग्री सेल्सियस धरि कमी हेबाक संभावना अछि। काल्हि प्रदेशक उत्तरी आ दक्षिणी–पश्चिमी भाग मे किछु ठाम शीतदिवस हेबाक चेतावनी जारी कयल गेल अछि।

———————————————————

बिहारक बल्लाबाज वैभव सूर्यवंशीक अन्तर्राष्ट्रीय क्रिकेट मे शानदार प्रदर्शन भऽ रहल अछि। वैभव दक्षिण अफ्रीकाक विरूद्ध खेलल जा रहल तेसर अंडर नाईनटीन वनडे मोकाबिला मे एक सय सत्ताईस रनक विस्फोटक पारी खेललनि। ओ मात्र तिरसठि गेंन पर अपन शतक पूरा कयलनि। अपन पारी मे ओ दस छक्का आ नओ चौका लगौलनि।

———————————————————

भुवनेश्वर स्थित कलिंगा इंस्टीच्यूट ऑफ सोशल साइंसेज विश्वविद्यालय मे पछिला दिन आयोजित पूर्वी क्षेत्र अंतर–विश्वविद्यालय महिला क्रिकेट प्रतियोगिता मे ललित नारायण मिथिला विश्वविद्यालय दरभंगाक टीम शानदार प्रदर्शन करैत ईस्ट जोन मे पहिल बेर चैंपियन बनबाक गौरव प्राप्त कयलक।

———————————————————————

प्रदेशक सभ आभूषण दोकान मे हिजाब, नकाब, घोघ तानि अथवा हेलमेट पहिरि कऽ प्रवेश करय पर रोक लगा देल गेल अछि। ऑल इंडिया ज्वेलर्स एंड गोल्ड फेडरेशन सुरक्षाक दृष्टि सँ ई निर्णय कयलक अछि।

———————————————————————

समाप्त